



Haitian Creole Edition
Grade 7 Mathematics, Book 2
March 13–17, 2006

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk
Matematik
Liv 2

Ane

7

13–17 Mas 2006

Non _____



Developed and published by CTB/McGraw-Hill LLC, a subsidiary of The McGraw-Hill Companies, Inc., 20 Ryan Ranch Road, Monterey, California 93940-5703. Copyright © 2006 by New York State Education Department. All rights reserved. No part of this publication may be reproduced or distributed in any form or by any means, or stored in a database or retrieval system, without the prior written permission of New York State Education Department.

TRIK POU FÈ EGZAMEN AN

Men kèk sijasyon pou ede ou fè tout sa ou kapab:

- Asire ou li avèk atansyon tout direksyon ki nan tiliv egzamen an.
- Ou ka sèvi avèk zouti pou ede ou rezoud nenpòt pwoblèm ki nan egzamen an.
- Li chak kesyon avèk atansyon epi reflechi sou repons lan anvan ou ekri repons ou.
- Asire ou montre travay ou lè yo mande ou pou fè sa. Ou ka resevwa yon pati nan kredi a si montre travay ou.
- Sèvi ak kalkilatris ou pou ede rezoud pwoblèm ki nan pati sa a nan egzamen an.



Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk règ ou.




Pòtre sa a vle di ou pral sèvi avèk rapòtè ou.

Kontinye


Fich Revizyon Matematik

FÒMIL




Sèk

$$\begin{aligned}\text{Sipèfisi} &= \pi r^2 \\ \text{Sikonferans} &= 2\pi r\end{aligned}$$




Kib

$$\begin{aligned}\text{Sipèfisi Total} &= 6s^2 \\ \text{Volim} &= s^3\end{aligned}$$




Silend Sikilè Dwa

$$\begin{aligned}\text{Sipèfisi Total} &= 2\pi rh + 2\pi r^2 \\ \text{Volim} &= \pi r^2 h\end{aligned}$$



Prism Rektangilè Dwa

$$\begin{aligned}\text{Sipèfisi Total} &= 2wl + 2lh + 2wh \\ \text{Volim} &= lwh\end{aligned}$$



Prism Triyangilè Dwa

$$\begin{aligned}\text{Sipèfisi Total} &= wh + lw + lh + ls \\ \text{Volim} &= \frac{1}{2}wh \times l\end{aligned}$$

KONVÈSYON

1 santimèt = 10 milimèt

1 mè = 100 santimèt = 1.000 milimèt

1 kilomèt = 1.000 mè

1 gram = 1.000 miligram

1 kilogram = 1.000 gram

1 liv = 16 ons

1 tòn = 2.000 liv

1 tas = 8 ons likid

1 pent = 2 tas

1 ka = 2 pent

1 galon = 4 ka

1 lit = 1.000 mililit

1 kilolit = 1.000 lit

Pwogram Egzamen Leta Nouyòk

Tyler fè yon sondaj sou kamarad klas li yo pou li detèmine kantite ak kalite bèt domestik yo genyen. Tablo frekans ki anba a prezante done sa yo.

BÈT DOMESTIK

Kalite Bèt Domestik	Kantite
Pwason	
Hamstè	
Chat	
Chyen	

Selon done yo, ki kalite graf ki **pi bon** pou prezante done Tyler yo?


Repons _____

Sou liy anba yo, eksplike pou kisa graf ou chwazi a **pi bon** pou prezante done Tyler yo.

Kontinye

32

Joel trase yon imaj silend li an yo montre anba a.



[pa trase selon echèl la]

Kalkile volim silend Joel la. Awondi repons ou pou rive nan dizyèm ki pi pre a.

Montre travay ou.

Repons _____ santimèt kib

33

Yon òganizasyon jenn ranmase \$15.336 nan lavant kòbèy-kado. Senk ekip diferan te vann kòbèy yo. Ekip Martin an vann 48 kòbèy, ekip Amy a vann 138 kòbèy, ekip Sharon nan vann 77 kòbèy, ekip Juan lan vann 250 kòbèy, epi ekip Dee a vann 126 kòbèy.

Pati A

Chak kòbèy-kado te vann pou menm pri a. Ki pri yo te vann yon kòbèy-kado?

Montre travay ou.

Repons \$ _____

Pati B

Ki diferans ki genyen ant kantite lajan ekip ki vann pi plis kòbèy-kado ranmase ak kantite lajan ekip ki vann pi piti kantite kòbèy-kado a ranmase?

Montre travay ou.

Repons \$ _____

Kontinye



Sèvi ak rapòtè ou pou ede ou rezoud pwoblèm sa a.

Josh planifye pou diskite sou bidjè klas 7^{yèm} ane a nan pwochen reyinyon konsèy elèv la. Li decide prezante done bidjè a anba a nan yon graf sèk.


BIDJÈ KLAS 7^{yèm} ANE

Kategori	Pousantaj Bidjè
Bilten	15%
Rezèv	20%
Aktivite espesyal	55%
Lòt depans	10%

Sèvi ak rapòtè ou pou trase yon graf sèk anba a. Pou fè sa, prezante chak kat kategori bidjetè epi mete etikèt sou yo.

Montre travay ou.

BIDJÈ KLAS 7^{yèm} ANE



35

Sunshine Airline egzije pou chak valiz peze 31,75 kilogram oswa mwens anvan pou yo mete li nan avyon an. Valiz Trisha la peze 3.620 gram anvan li fin plen nèt. Avèk ki kantite maksimòm pwa, an kilogram, Trisha ka fin plen valiz li pou li ka toujou pote valiz la nan avyon an?


Montre travay ou.

Repons _____ kilogram

Kontinye

36

Rashid bezwen achte kèk bwa pou fè yon bwat. Li dwe kalkile sipèfisi bwat la pou li ka konnen ki kantite bwa pou li achte. Yo montre yon dyagram bwat la anba a.



[pa trase selon echèl la]

Ki kantite bwa Rashid dwe achte pou li fè bwat la?

Montre travay ou.

Repons _____ pye kare

37

Lis ki anba prezante kantite elèv ki patisipe nan foutbòl ameriken nan Farrell Middle School.


- Genyen yon total 33 elèv ki patisipe nan foutbòl ameriken.
- Genyen yon total 24 elèv ki patisipe nan atletis.
- Genyen 8 elèv ki patisipe nan toulède espò yo.

Pati A

Sèvi ak lis anwo a pou konplete dyagram Venn ki nan espas anba a.

Asire ou

- mete tit nan dyagram nan
- mete etikèt sou chak sèk
- mete yon nonb nan chak seksyon dyagram nan



Pati B

Ki kantite total elèv ki patisipe nan espò sa yo?

Repons _____ elèv

Kontinye

POPILASYON LOS ANGELES

Ane	Popilasyon (an milyon)
1900	0,1
1920	0,6
1940	1,1
1960	1,8
1980	2,3
2000	2,8

Ant ki 2 ane popilasyon an te ogmante pi plis?

Repons ant _____ ak _____

Selon done ki nan tablo a, fè prediksyon popilasyon Los Angeles la pou ane 2020.
Jistifye prediksyon an sou liy ki anba yo.

Place Student Label Here



Ane 7
Matematik
Liv 2

Grade 7
Mathematics
Book 2